

Rejim ki Pa Genyen Anpil Fib pou Preparasyon Koloskopi

Manje rejim alimantè sa a **3 ak 2 jou** avan randevou koloskopi ou an.
Yon jou avan – sèlman likid ki klè (sof si yo ba w lò enstriksyon)

WI – Li Bon pou w manje aliman sa yo:

Fwomaj, yogout, lèt

Diri blan, biskui senp (Saltines), bagèl senp, pen blan, pen tòtiya ki fèt avèk farin blan, muffins anglè

Vyann ki pa genyen anpil grès (poul, pwason, kodenn), ze, tofu

Konpòt pòm, pwodui anbwate oswa ki kuit sa grenn oswa san po

Bouyon, potaj, soup ki koule

Krèm glase, krèm anglè, fresko, Jell-O, pudding natirèl

Kafe, te, soda, bwason spòtif, bwason pwoteyine nitritif san fib ajoute (Ensure, Boost)

NON – PA manje aliman sa yo:

Ariko, pwa, lantiy, tout legim

Vejetal

Fwi avè po oswa grenn, kokoye, rezen sèk

Nwa, grenn, granola, quinoa

Diri jòn, oswa diri sovaj, pen oswa sereyal ki konplè

Nenpòt ji ki genyen ma (tankou ji zoranj)

Soup ki pa koule, chili, soup pwa, soup lantiy, soup pwa sèch, soup mayi

